WIKIPÉDIA

Brontosaurus

Brontosaurus ingkang ateges "kadal kilat" (saking basa Yunani **brontē/βροντη** ateges *kilat*, **sauros/σαυρος** tegesipun 'kadal') inggih punika salah satunggal saking jinising kéwan dhinosaurus sauropoda ingkang boten saged kapanggih malih wonten ing jaman sapunika.[1] Spésies *Brontosaurus excelsus* punika dipunjenengi déning pamanggihipun inggih punika Othniel Charles Marsh,nalika warsa 1879.[1] Jeneng punika tansah dipunanggé wonten ing literatur resmi ngantos kirang langkung warsa 1974,sananjan sampun asring dipunsebat sadéréngipun kanthi jeneng *Apatosaurus*,wonten ing warsa 1903.[1]

Brontosaurus

Kalamangsa: Akhir jaman Jurassik



Wrangka *Brontosaurus* déning O.C. Marsh

Setatus konservasi

fosil

Klasifikasi ngèlmiah

Karajan:	Animalia
Filum:	Chordata
Klas:	Sauropsida
Superordho:	Dinosauria
Ordho:	Saurischia
Subordho:	Sauropodomorpha
Infraordho:	Sauropoda
Famili:	Diplodocidae
Génus:	*Apatosaurus*

Jeneng binomial

Apatosaurus excelsus

(Marsh, 1879) *vide* Riggs, 1903

Sinonim

- *Brontosaurus excelsus* Marsh, 1879c

Isi

Anatomi

Fosil

Anggon manak

Jaman Urip

Cathetan suku

Anatomi

Brontosaurus inggih punika dhinosaurus ingkang gadhah gulu panjang sanget ugi kalebet dhinosaurus hèrbivor,gadhah awak ingkang dawanè sawatawis 70-90 kaki (21-27 m), inggilipun saking suku ngantos boyok sawatawis 15 kaki (4,6 mèter), kaliyan bobot sawatawis 33-35 ton abote, bobot kéwan punika kirang langkung ngalangkungi bobotipun 6 gajah.[2][3] Sirahipun kirang saking 2 méter dawané, tengkorakipun dawa kathi bolongan irung ingkang mapan ing sisih inggil lan ukuran uthek ingkang alit.[3].Kéwan hèrbivor punika gadhah gulu dawa (cacah 15 balung),buntut pecut dawa(sawatawis 50 ft=15 mèter dawane), balung geger ngrongga, suku ngajeng langkung alit ugi pendek ketimbang suku wingking kang ageng lan radi dawa.[3] Suku punika kanggé nalika badhé nyrengkuh godhong wonten ing wit-witan ingkang dhuwur.[3]

Fosil

Fosilipun sampun pinanggih ing Amérika Utara barat ing nagar pérangan Utah, Colorado, kaliyan Wyoming.[4] Brontosaurus kalebet kéwan Sauropoda paling ageng ing antawis sauropoda sanès kados ta Brachiosaurus,kaliyan Diplodocus.[4] Wonten ing jaman gesangipun, Brontosaurus gadhah mungsuh utama

dhinosaurus karnivora ageng kados ta *Allosaurus*.[4] Habitat Brontosaurus limrahipun manggèn wonten ing hutan-hutan tropis.[4]

Anggon manak

Brontosaurus/Apatosaurus,kados ta sauropoda sanès,manak kanthi cara ngendhog.[5] Brontosaurus nalika wayah ngendhog saged ngedalaken endhog puluhan,nanging boten awujud sarang.[5] Brontosaurus ngendhog nalika ngawontenaken lelungan lan endhogé diedhalaken satunggal baka satunggal.[5] Ukuran endhoge ageng antawis 1 kaki (30 cm) ambané.[5]

Jaman Urip

Dipunprakirakaken urip wonten ing jaman Jurasik sawatawis 150 yuta warsa kepengker.[4] Para panaliti gadhah pamanggih manawi wonten kadadéan kepunahan massal nalika samanten.[4] Nanging dèrèng wonten ingkang mangertos kadadéan menapa ingkang ndamel kapunahan mau.[4]

Brontosaurus

Cathetan suku

1. www.unmuseum.org (http://www.unmuseum.org/dinobront.htm)(dipunundhuh tanggal 21 Mèi 2011)
2. www.infoplease.com (http://www.infoplease.com/spot/brontokids.html)(dipunundhuh 21 Mèi 2011)
3. [Bully for the Brontosaurus deni Stephen Jay Gould, W.W. Norton & Company, 1991] **Masalah sitiran: Tenger `<ref>` ora trep; jeneng "buku 2" diwedharaké ping bola-bali déné isiné béda**
4. www.lifestudiesonline.com (http://www.lifestudiesonline.com/dinosaurs/brontosaurus.htm) (dipunundhuh 21 mei 2011)
5. www.enchantedlearning.com (http://www.enchantedlearning.com/subjects/dinosaurs/dinos/Apatosaurus.html)(dipunundhuh 21 Mèi 2011)

Dijupuk saka "https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Brontosaurus&oldid=1417785"

Kaca iki pungkasan diowah nalika 09.02, 5 Fèbruari 2018.

Tèks iki cumepak kanthi Lisènsi Atribusi-DumSaèmper Creative Commons; paugeran tambahan bokmanawa uga lumaku. Wacaa Paugeran Panganggo kanggo rerincèné.